

**MUSYAWARAH GURU MATA PELAJARAN
(MGMP BASA SUNDA)
TINGKAT KABUPATEN TASIKMALAYA
PENILAIAN AKHIR SEKOLAH/MADRASAH
TAHUN PELAJARAN 2022/2023**

**Mata Pelajaran : Bahasa dan Sastra Sunda
Kelas : VIII
Semester : I / Ganjil**

PETUNJUK UMUM

1. Perhatikan dan ikuti petunjuk pada lembar jawaban yang disediakan;
2. Periksa dan bacalah soal-soal sebelum Anda mengerjakannya;
3. Jumlah soal sebanyak 40 butir pilihan ganda, dan 5 uraian;
4. Laporkan kepada pengawas kalau terdapat tulisan yang kurang jelas, rusak atau jumlah soal kurang;
5. Periksa kembali pekerjaan Anda sebelum diserahkan kepada pengawas.

Selamat Bekerja !

A. Pilihan Ganda

1. *Salapan sasih lamina
Urang dikandung ku indung
Salapan sasih lamina
Tapi indung henteu pundung
Ti minggu ka minggu
Indung nunggu-nunggu
Najan susah tapi indung tetep bungah
Ti bulan ka bulan
Pinuh pangorbanan
Najan ripuh tapi indung henteu ngangluh
Siang wengi indung meredih ka Hyang Widi
Utun inji walagri lahir ka bumi
Taya basa nu kaliwat namplokeun kanyaah
Sangkan hirup bagja tur waluya
Nurutkeun eusi rumpakana, jejer rumpaka kawih
di luhur nya éta*
 - A. Kanyaah indung
 - B. Indung nu ngalahirkeun
 - C. Atikan indung
 - D. Ripuhna indung nu ngandung
2. *Amanat nu kaunggel tina rumpaka kawih di luhur,
nya éta*
 - A. Do'a sangkan sakabéh dosana dihampura ku Alloh SWT
 - B. Kudu nyaah kanu jadi indung anu geus ngalimpahkeun sadaya kanyaahna kanu jadi anak
 - C. Jelema nu loba dosa sok sanajan geus ménta pangampura tapi tetep ngalakukeun dosa
 - D. Sakabéh jalma tinangtu keuna ku dosa jeung ngan ka Alloh tempat ménta pangampura dosa
3. *Rasa nu kaunggel dina rumpaka kawih di luhur,
nya éta ...*
 - A. Gumbira
 - B. Sedih
 - C. Pangharepan
 - D. Waas
4. *Ti bulan ka bulan, Pinuh pangorbanan
Najan ripuh tapi indung henteu ngangluh
Maksud kecap henteu ngangluh, nya éta*
 - A. Teu ngarasa sedih
 - B. Teu ngarasa kabebanan
 - C. Teu ngarasa nanaon
 - D. Teu ngarasa bungah
5. *Siang wengi indung meredih ka Hyang Widi
utun inji walagri lahir ka bumi
taya mangsa nu kaliwat
namplokeun kanyaah
sangkan hirup bagja tur waluya
Kawih di luhur nyaritakeun*
 - A. Kulawarga
 - B. Jalan kahirupan
 - C. Harepan nu jadi indung
 - D. Upaya sangkan bagja jeung waluya
6. *Duh Gusti, kumaha nya nasib diri
Geuning kiwari kieu nu bukti
Kawih di luhur, diwangun dina rakitan basa*
 - A. Laraspurwa
 - B. Cakraswara
 - C. Pangluyu
 - D. Maduswara
7. *Cuang cieung kuring sorangan
Nunggeulis di pangumbaraan
lieuk deungeun lieuk lain
taya pisan geusan pamuntangan
Rék sasambat ka saha nyanyambat
Suwung dulur walurat sobat
Sangsang badan nitipkeun nya diri
Iwal ti ka Gusti yang widi
Kumaha sikep hidep kana eusi kawih di luhur ?*
 - A. Hirup mah kudu deukeut jeung kulawarga, riung mungpulung
 - B. Resiko hirup nyorangan di pangumbaraan bakal sedih, komo lamun gering mah
 - C. Ngan ka Alloh nyuhunkeun pitulung nalika urang teu aya sobat
 - D. Akibat teu boga sobat atawa dulur bakal ngarasa nunggeulis
8. *Ka mana nya kedah lumampah, ngarah teu salah
ngaléngkah
Milari pijalmieunana nu kersa ngajadi bapa
Kamana nya kedah lumaku, sangkan diri teu kalangsu
Milari pijalmieunana nu kersa ngajadi indung
Nada nu kaunggel dina rumpaka kawih di luhur,
nya éta ...*
 - A. Bingung
 - B. Nyungkun
 - C. Nyeri haté

- D. Nyaritakeun
9. *Duh indung ngaraksa ngajaring anak, najan rungsing matak pusing*
Henteu weléh deudeuh mikanyaah asih.,dimomong jeung dititimang
 Rasa nu diébréhkeun dina rumpaka kawih di luhur, nya éta
- Kawajiban indung
 - Kanyaah indung
 - Karungsing indung
 - Kacapé indung
10. *Dengkleung déngdék*
dengkleung déngdék sisi lamping
anu déwék, enya anu kuring
tanah katrésna jadi sarakan
anu tetep marengan na lelebutan
 Jejer nu dicaritakeun dina kawih di luhur, nya éta
- Lamping
 - Taneuh tempat cicing
 - Lelembutan
 - Nu marengan
11. Gubernur Jawa Barat, Ridwan Kamil, sacara resmi medalkeun program munggaranna geusan ngadéngékeun sora wargana, program disebut *Jabar Quick Response (JQR)*. Ieu program mangrupa sistem aspirasi nu ngamalirkeun “kutuk gendeng” warga alatan kakuciwaan nyanghareupan kaayaan. *JQR diémbarkeun di Gedong Saté, Jalan Diponegoro, Salasa (18/9)*. Jejer tina warta di luhur nya éta
- JQR program unggulan Pamaréntah Jawa Barat
 - Geusan ngamalirkeun sora rahayatna, Gubernur Jawa Barat nyieun program JQR
 - Program JQR bakal dilaksanakeun di wilayah Propinsi Jawa Barat ku gubernur
 - Program JQR wajib dirojong ku masarakat Jawa Barat
12. *Pikeun ngamumulé kasenian Sunda nu kiwari geus réa dipopohokeun, Unit Kegiatan Mahasiswa Seni Musik Universitas Siliwangi baris ngayakeun pasanggiri pupuh buhun tingkat SMA/ sadarajat jeung tingkat mahasiswa. Pasanggiri bakal dilaksanakeun tanggal 1-2 Oktober 2018 di Gedong Kasenian Tasikmalaya.*
 Pedaran warta di luhur, dumasar kana pananya
- Naha, saha, naon, iraha, di mana
 - Naon, naha, di mana, iraha, kumaha
 - Kumaha, saha, naon, di mana, iraha
 - Naha, di mana, iraha, naon, kumaha
13. *Kajadian lini jeung tsunami di Sulawesi “ngoyagkeun” rasa dulur sabangsa di Nusantara.*
 Gubernur Jawa Barat Ridwan Kamil kalayan asmana pamaréntah Provinsi Jawa Barat nyayagikeun sumbangan Rp. 2 milyar.
“Pemprov Jabar tos nyiapkeun kirang langkung dua milyar,” ceuk Ridwan Kamil sabada silaturahmi jeung Pangurus MUI Provinsi Jawa Barat di Bandung, Senén (1/10). Bantuan ditujukeun pikeun bantuan logistik, da ilaharna nu di pangungsian mah teu kaburu mawa nanaon.
 Ungkara nu sarua jeung eusi warta di luhur, nya éta
- Pamaréntah Jawa Barat méré bantuan ka nu kamusibahan lini jeung tsunami di Sulawesi Rp. 2 milyar ngaliwatan pangurus MUI.
 - Pamaréntah Jawa Barat jeung pangurus MUI méré bantuan ka nu kamusibahan ku cara méré bantuan logistik.
 - Lantaran ngarasa “kaoyagkeun” dulur sabangsa, rahayat Jawa Barat numpulkeun bantuan logistik ka Sulawesi.
 - Pamaréntah Jawa Barat méré bantuan logistik nu hargana kurang-leuwih 2 milyar pikeun masarakat nu kamusibahan lini jeung tsunami di Sulawesi.
14. *TASIKMALAYA (PR). Badan Pendapatan Daérah (Bapenda) Jawa Barat Wilayah Kota Tasikmalaya ngadata aya 168.000 kendaraan henteu ngalakukeun daftar ulang (KTMDU). Kasubag TU Bapenda Provinsi Jawa Barat Wilayah Kota Tasikmalaya, Ida Widiastuti dina Operasi Gabungan KTMDU di éks Terminal Cilémbang Kota Tasikmalaya, Jumaah (11/8/2017), nerangkeun yén danget ieu kakara 4,8 persén atawa kurang leuwih ti 8.000 kendaraan nu geus daftar ulang mayar pajeg. Mobil nu henteu mayar pajeg, rata-rata mobil kiriditan nu posisi kendaraanana aya di luar kota Tasikmalaya.*
 Tanggapan nu cocog kana eusi warta di luhur nya éta
- Patugas pajeg geus teu mampu nyadarkeun warga nu boga kendaraan utama di daérah Tasikmalaya
 - Lamun urang henteu mayar pajeg kendaraan tangtu nagara dina posisi rugi lantaran salahsahiji sumber pendapatan nagara nya éta tina pajeg
 - Dina unggal minggu kudu aya rajia pajeg kendaraan ngarah kapanggih saha-sahana nu can mayar pajeg
 - Urang salaku warga nagara nu hadé kudu taat kana kawajiban salaku warga nagara diantaranya mayar pajeg kendaraan
15. Nu kaasup fakta dina warta di luhur, nya éta
- Operasi Gabungan KTMDU dilaksanakeun di éks Terminal Cilémbang Kota Tasikmalaya poé Jumaah tanggal 11 Agustus 2017.
 - Danget ieu kakara 4,8, persén atawa kurang leuwih ti 8.000 kendaraan nu geus daftar ulang mayar pajeg.
 - Mobil nu henteu mayar pajeg, rata-rata mobil kiriditan nu posisi kendaraanana aya di luar kota Tasikmalaya.
 - Operasi Gabungan KTMDU salawasna dipingpin ku Kasubag TU Bapenda Provinsi Jawa Barat Wilayah Kota Tasikmalaya.
16. *Basisir kidul téh gudangna tempat wisata alam. Di saban wewengkon kabupatén di pakidulan Jawa Barat tara tuna ti tempat wisata alam nu boga ciri mandiri. Ti mimiti wewengkon Sukabumi, Cianjur, Garut, Tasik jeung Pangandaran, pada-pada boga panorama alam éndah ropéaeun keur pariwisata.*
 Masalah nu dipedar dina warta di luhur, utamana mah ngeunaan
- Basisir kidul loba tempat wisata alam nu perlu diropéa

- B. Tiap-tiap kabupatén ngabogaan tempat wisata nuboga ciri mandiri
- C. Wisata alam perlu diropéa pikeun tempat pangjugjungan masarakat
- D. Sangkan wisata alam kasohor, perlu ciri mandiri diunggal tempatna
17. *Ngijih jeung halodo, memang biasa. Tapi nu teu biasa téh, kadieunakeun. Usum hujan cacaahan, usum halodo kagaringan. Kituna téh lantaran parobahan lingkungan nu teu kakadalian. Alih pungsi lahan di tempat anu asalna sengserepan cai, ngabalukarkeun mamala, boh usum katiga boh usum ngijih.*
Pananya nu saluyu jeung eusi warta di luhur, nya éta
- A. Di wewengkon mana lamun usum hujan cacaahan, usum halodo kagaringan ?
- B. Naon sababna lamun usum hujan cacaahan, lamun usum halodo kagaringan ?
- C. Kumaha lamun usum halodo jeung usum hujan ?
- D. Iraha waktu cacaahan jeung taneuh kagaringan ?
18. 1) *Eusi warta dumasar kana fakta;*
2) *Aktual; jarak waktu antara hiji kajadian jeung diwartakeunana ka balaréa ulah lila teuing, lantaran lamun liwat sababaraha poé gé ajén aktualitasna jadi basi;*
3) *Lengkep;*
4) *Warta bisa dijembaran nu sipatna subjéktif wartawanna*
5) *Disusun kalawan sistematis (puguh éntép seureuhna)*
Kaidah-kaidah nyieun warta kaunggel dina nomer
- A. 1,2,3,4
- B. 1,2,3,4
- C. 1,2,3,5
- D. 1,2,4,5
19. *PADALARANG. Mahasiswa Fakultas Peternakan Universitas Pajajaran gawé bareng jeung Dinas Katahanan Pangan jeung Peternakan Provinsi Jawa Barat ngayakeun sosialisasi Gerakan Nginum Susu (Germis) ka 2.000 partisipan. Ieu kagiatan dilaksanakeun di Kantor Bupati Bandung Barat Padalarang, Kemis (25/1/2018). Bupati Barat, Drs. Abu Bakar, M.SI nétélakeun yén nginum susu murni penting pisan tibatan susu kemasan. Lantaran susu kemasan kalolobaanana ditambahan ku gula, perasa, jeung zat tambahan séjénna, nu ngabalukarkeun kandungan gizi dina susuna ngurangan.*
Ungkara nu teu saluyu jeung eusi warta di luhur, nya éta
- A. Mahasiswa Fakultas peternakan Unpad gawé bareng jeung Dinas Katahanan Pangan jeung Peternakan Provinsi Jawa Barat ngayakeun sosialisasi Gerakan Nginum Susu (Germis).
- B. Kagiatan Germis dilaksanakeun di Kantor Bupati Bandung Barat Padalarang, Kemis (25/1/2018).
- C. Nginum susu murni penting pisan tibatan susu kemasan. Lantaran susu kemasan kalolobaanana ditambahan ku gula, perasa,

- jeung zat tambahan séjénna, nu ngabalukarkeun kandungan gizi dina susuna ngurangan.
- D. Susu kemasan leuwih praktis tibatan susu murni
20. *Tujuan kagiatan Germis nya éta ngawanohkeun pentingna nginum susu. Lantaran susu beunghar kurupa-rupa nutrisi saperti : fosfor, zic, vitamin A, vitamin D, vitamin B12, asam amino jeung asam pantotenat. Rupa-rupa nutrisi ieu mangpaatna gedé pisan pikeun nyupléy kalsium sangkan tulang jeung huntu leuwih kuat*
Tanggapan nu cocog kana eusi warta di luhur nya éta
- A. Kagiatan Gerakan minum susu kemasan kacida petingna
- B. Nginum susu murni leuwih penting tibatan susu kemasan
- C. Urang kudu rajin nginum susu sangkan tulang jeung huntu kuat
- D. Kulawarga kudu ngabiasakeun nginum susu produk lokal
21. *Aduh Gusti anu maha suci
Sim abdi rumaos
Pangna abdi dumugi ka késrék
Réh ka sepuh parantos ngusir
Takabur sareng dir
Téga nundung sepuh*
Rasa nu diébréhkeun dina guguritan di luhur, nya éta
- A. Konsistén
- B. Nyaah
- C. Keuheul
- D. Hanjakal
22. *Mundur mapan balad Pandawa teu tahan
Barisan beuki ipis
Digempur Kurawa
Senapatina Karna
Sakti manggulang-mangguling
Hésé pantarna
Moal aya nu nu nanding*
Guguritan di luhur nyaritakeun
- A. Tentara Pandawa éléh ku Kurawa nu dipingpin ku senapati Karna
- B. Tentara Kurawa éléh ku Pandawa nu dipingpin ku senapati Karna
- C. Senapati Karna pamingpin pinter tur wanian
- D. Senapati Karna tokoh dina carita Wayang nu aya di tatar Sunda
23. *Pedah sepuh hina sareng miskin
Sangsara kokoro
Ku sim abdi dihina ditokér
Moal boa manahna ngerik
Lir digeri hinis
Manahna mo lapur*
Rumpaka di luhur diwangun dina pupuh
- A. Mijil
- B. Durma
- C. Durma
- D. Kinanti
24. *Lamun urang rék nulis guguritan, nu pangheulana dipigawé nya éta*
- A. Nangtukeun téma atawa jejer karangan

- B. Nangtukeun pupuh nu luyu jeung téma / jejer karangan
 C. Néangan kecap-kecap nu cocog jeung purwakanti pupuh nu digunakeun
 D. Ditepikeun dina sababaraha pada, ogé bisa sapada.
25. *Saparantos jisim abdi ngusir*
Ayeuna kabendon
Awak ruksak arateul jeung késrék
Dukun-dukun paraji sakti
Parantos dikerid
Nanging tetep ripuh
 Jejer pedaran dina pupuh di luhur ngeunaan

-
 A. Rupa-rupa panyakit
 B. Doraka ti indung
 C. Kahirupan paraji
 D. Sehat jeung gering

26. *Di mamana penjajah pada marudah*
Lantaran dikiritik

.....
Yén éta téh lampah jahat
Tatapi kalah mudigdig
Ambek-ambekan

Kalimah nu cocog dumasar guru lagu jeung wilangan pikeun nyampurnakeun pupuh di luhur nya éta

- A. (1) ku ahli nagara, (2) Dasar nu buta tuli
 B. (1) ku politikus, (2) Adat kakurung ku iga
 C. (1) ku wawakil rahayat, (2) gedé ambek pisan
 D. (1) ku lawan politik, (2) dasar méntal penjajah

27. *Ngérab-ngérab bandéra nagri Amarta*
Ngaleut para prajurit
Muru Kurusétra
Ngagedur sumangetna
Mun kudu nemahan pati
Iklas jeung luas
Asal nagri walagri
 Nada nu diébréhkeun dina guguritan di luhur, nya éta
 A. Piwulang
 B. Sumanget
 C. Prihatin
 D. Putus asa

28. *Mun rek nyaba ka Cisaga*
Tong poho beja talatah
Mun hayang asup sawarga
Tong poho amal ibadah
 Nurutkeun wangunna sisindiran di luhur kaasup kana ...
 A. Rarakitan
 B. Wawangsalan
 C. Paparikan
 D. Pantun

29. *Meuli lontong reujeung kopi*
Kertas kado ditalian
Ulah loba tongton tivi
Matak poho pelajaran
 Sisindiran di luhur kaasup kana wangun
 A. paparikan
 B. rarakitan
 C. wawangsalan

D. pantun

30.
Dag-dig-dug rasaning ati
(wangsalna : bedug)

Bagian cangkang nu cocog keur wawangsalan di luhur nya éta

- A. Teu puguh monyét hideungna
 B. Lamun ka palupuh nangtung
 C. Kendang gedé pakauman
 D. Belut sisit saba darat

31. *Buah asak dikarungan*
Buah ngora dipesékan

.....
 Eusi sisindiran nu cocog nya éta

- A. Mun ulangan hararésé
 Tandana kurang diajar
 B. Lamun urang boga gawé
 Moal hésé barang dahar
 C. Mun sakola kabeurangan
 Nya éra ku babaturan
 D. lamun manéh goréng laku
 ngusrukeun ka indung-bapa

32. (1) Diwangun ku opat padalisan
 (2) Diwangun ku cangkang jeung eusi
 (3) Padalisan 1-2 mangrupa cangkang; padalisan 3-4 mangrupa eusi
 (4) Unggal padalisan diwangun ku 8-12 engang
 Kaidah-kaidah nulis sisindiran kaunggel dina nomer

- A. 1,2,3
 B. 1,2,4
 C. 1,3,4
 D. 2,3,4

33. *Mun rék nyaba ka Cisaat*
Tuturkeun jalan ka kidul
Mun hayang bagja ahérat
Tuturkeun piwuruk Rosul
 Sisindiran di luhur kaasup kana
 A. Paparikan-piwuruk
 B. Rarakitan-piwuruk
 C. Paparikan-silih asih
 D. Rarakitan-sesebred

34. *Hayam jago di nu bala*
 (1)
Kudu getol ka sakola
 (2)

Dumasar kaidah sisindiran, kalimah nu cocog pikeun nyampurnakeun sisindiran nya éta

- A. (1) Dipeuncitna ku Mang Dédi
 (2) Ngarah urang naék kelas
 B. (1) Ngoéran néangan jagong
 (2) Teu katinggaleun jaman
 C. (1) Disada wayah janari,
 (2) Sangkan beunghar ku pangarti
 D. (1) Dibarengan ku dantenna
 (2) Ngarah kolot sugemaeun

35. Salah sahiji sisindiran nu ngabogaan sipat silihasih nya éta

- A. Ka kulah nyiar kapiting
 ngocok lobak bobodasna
 ulah sok liar ti peuting
 osok loba gogodana
 B. Itu gunung ieu gunung

- diadukeun pakbeledug
itu pundung ieu pundung
marebutkeun mojang budug
- C. Rarasaan ngala kupa
Teu nyaho ngala bangkuang
Rarasaan alus rupa
Teu nyaho kawas badawang
- D. Lamun jadi salira
meureun kaala buahna
lamun jadi ka salira
meureun kacida bungahna
36. Sisindiran dina sastra Sunda méh sarua jeung ...
dina sastra Batak /Tapanuli.
A. parikan
B. éndé-éndé
C. pantun
D. karmina
37. Teu puguh monyét hideungna
Asa teu puguh tungtungna
(wangsalna :)
A. belut
B. monyet
C. eurih
D. lutung
38. (1) diwangun ku dua padalisan;
(3) unggal padalisan diwangun ku 8-12 engang;
(4) aya wangsal nu kudu diteguh;
(5) padalisan kahiji ngandung pasualanana,
sedengkeun dina padalisan kadua aya kecap
nu sasora jeung wangsal nu dimaksud.
Kaidah-kaidah wawangsalan kaunggel dina nomer
....
A. 1,2,3
B. 1,2,4
C. 1,3,4
D. 2,3,4
39. Nu ngabédakeun antara sisindiran jeung
pantun dina basa Indonesia nya éta
A. Jumlah padalisan
B. Jumlah engang unggal padalisan
C. Diwangun ku cangkang jeung eusi
D. Rima AAAA atawa ABAB
40. *Kapan abdi gaduh suweng*
kunaon teu dipongpokan
kapan abdi keur baluweng
ku naon teu ditelepon
Kakurangan sisindiran di luhur nya éta
A. Jumlah padalisan
B. Jumlah engang unggal padalisan
C. Diwangun ku cangkang jeung eus
D. Rima AAAA atawa ABAB

B. Uraian

- 41. Jéntrékeun 4 hal nu jadi objék dina nganalisis rumpaka kawih !
- 42. Analisis teks warta di handap!

Dina danget ieu (kiwari) keur meuweuh dina *medsos* gunemcatur ngeunaan panyakit nu dibalukarkeun ku virus, nya éta virus Corona atawa Covid 19. Ceuk béja mah asalna virus téh ti nagri China, daérah propinsi Wuhan. Ceuk para ahli mah, kasangtukung Virus COVID 19 (Corona virus disease 19) asalna virus téh ti sabangsaning sasatoan, kayaning Lalay, Kalong jeung sabangsana. Éta sato téh didahar ku jalma, nya atuh nerekeb ka jalma. Jalma nu geus katepaan virus terus nepakeun ka jalma nu lian, terus kitu jeung kitu, jadi loba nu katepaan, antukna terus beuki maceuh éta panyakit téh nepika sanagri China terus nyebar ka saalam dunya.

Kiwari sabagian nagri nu geus kaserang ngayakeun "Lock Down" nya éta ngurung nagri katut wargana teu meunang kaluar ti nagarana, atawa nyegah urang luar asup ka nagri urang. Nepika warta ieu ditulis geus aya kurang leuwih 69 nagara nu geus nerapkeun "lock down" téh. Nagara urang ge geus nyoba di daérah-daérah nu geus loba korbana jeung nu geus kanyahoan katepaan geus di Lock down, saperti di kota Jakarta, Solo, Jawa barat jeung nu séjénna .

Naon Usaha urang pribadi pikeun ngungkulan atawa nyegah éta virus Covid 19 téh? ceuk para ahli kasehatan kudu miara "cara hidup sehat", ngaberesihan leungeun mun geus ti luar sing rada remen, kudu ngajaga jarak saupama ngalakukeun interaksi jeung jelema séjén "sosial distancing" atawa ngumpul jeung loba jalma, ngurangan kagiatan di luar imah, nepika aya slogan " bekerja, belajar, beribadah di rumah"

No	Pananya	Eusi Warta
1	Naon anu jejer dina éta warta?	
2	Saha anu ngabéjakeunana?	
3	Di mana?	
4	Iraha?	
5	Naon sababna?	
6	Kumaha cara ngungkulanana?	

- 43. Jéntrékeun guru wilangan jeung guru lagu pupuh mijil !
- 44. Jéntrékeun bédana rarakitan jeung paparikan !
- 45. Jieun hiji conto paparikan nu sipatna sésébréd (heureuy) !